# ÁBDIJÁLIL MAQSÍM TULǴASÍ HÁM ONÍŃ MUZEY MÁDENIY MIYRASÍNDA SÁWLELENIWI

**Jamalova Dilnaz Shadaddin qızı,**
*QMU tariyx fakulteti 4-kurs student*

*Ilimiy basshı:* **Qudiyarov A.R.**
*tariyx ilimleriniń kandidatı, docent*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19603616

***Annotaciya.*** *Maqalada milliy mádeniy miyrastı saqlawda muzeylerdiń ornı, atap aytqanda, repressiya qurbanlarınıń ómiri hám jumısına baylanıslı eksponatlardıń ilimiy-aǵartıwshılıq áhmiyetine itibar qaratılǵan. Qaraqalpaq xalıq milliy azatlıq háreketiniń basshılarınan biri Ábdijálil Ismetullaevtıń tágdiri, onıń muzey fondında saqlanıp atırǵan jeke buyımları hám olardıń zamanagóy tariyxıy-mádeniy qunı haqqında hár tárepleme sóz etiledi.*

***Tayanısh sózler:*** *Mádeniy miyras, Abdijalil Ismetullaev, tariyxıy yad, meshit, turizm, repressiya muzeyi, maqsım.*

***Annotation.*** *The article examines the role of museums in preserving national cultural heritage, particularly focusing on the scientific and educational significance of artifacts related to the lives and activities of victims of repression. The fate of Abdizhalil Ismetullaev, one of the leaders of the Karakalpak people's national liberation movement, is discussed in detail, along with his personal belongings preserved in the museum fund and their modern historical and cultural value.*

***Keywords****: Cultural heritage, Abdizhalil Ismetullaev, historical memory, mosque, tourism, museum of repression, maksim.*

Mádeniy miyras - bul tek ǵana ótmish esteligi emes, al xalıqtıń ruwxıy tiykarı hám milliy ózlik belgisi esaplanadı. Mádeniy miyrastı saqlaw global kólemde úlken áhmiyetke iye, sebebi, ol pútkil adamzattıń tariyxıy hám ruwxıy baylıǵın sáwlelendiredi. Tariyxıy estelikler, áyemgi kórkem óner dóretpeleri, milliy úrp-ádetler hám mádeniy dástúrler xalıqlardıń ózine tánligin saqlawǵa xızmet etedi. Eger mádeniy miyras joq bolsa, insaniyat óziniń ótmishinen ajıralıp qalıwı, mádeniy hár túrlilik kemeyiwi hám keleshek áwladlar bay mánawiy miyrastan ayırılıp qalıwı múmkin.

Búgingi kúnde Ózbekstanda, sonıń ishinde Qaraqalpaqstanda mádeniy miyras obektlerin saqlaw, olardı ilimiy tiykarda úyreniw hám muzey ekspoziciyaları arqalı xalıqqa jetkeriw mámleketlik siyasattıń tiykarǵı baǵdarlarınıń birine aylandı. Bunnan tısqarı, mádeniy miyras turizm arqalı ekonomikalıq rawajlanıwǵa da xızmet etedi. Tariyxıy hám mádeniy estelikler turistlik tartımlılıqtı arttırıp, kóplegen mámleketler ushın áhmiyetli dáramat dáregine aylanıp barmaqta. Ózbekstanda turizmniń zıyarat, tariyxıy-mádeniy, bilimlendiriw, gastronomiyalıq baǵdarların shólkemlestiriw hám rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar berilmekte. 2023-jılı qabıl etilgen "Ózbekstan - 2030" strategiyasınıń 58-bántinde mámleketimizde sırtqı hám ishki turizmdi rawajlandırıw ushın keń shárayatlar jaratıw arqalı turistlerdiń sanın arttırıw máselesi hám usı másele sheńberinde ámelge asırılıwı zárúr bolǵan ilajlar

belgilep qoyılǵan. Olardan biri zıyarat turizmi boyınsha keletuǵın turistlerdiń sanın 3 millionǵa arttırıwdan ibarat [1., 1-b.]. Muzeyler mádeniy miyrastı saqlaw, ásirese zıyarat turizmi sheńberinde ayrıqsha áhmietke iye.

Muzeyler - bul xalıqtıń basınan keshirgen awır sınawların, jetiskenliklerin hám mánáwiy dúnyasın ózinde jámlegen bilim dáregi. Sońǵı jılları Qaraqalpaqstan tariyxınıń ashılmaǵan betlerin úyreniwde Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı I.V.Savickiy atındaǵı Qaraqalpaqstan kórkem óner muzeyi, Qaraqalpaqstan Respublikası tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi qatarında Qaraqalpaq mámleketlik universiteti janındaǵı Repressiya qurbanların eslew muzeyi ayrıqsha orın tutpaqta. Repressiya qurbanların eslew muzeyi Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń 2017-jıl 28-noyabrdegi 869-sanlı buyrıǵı tiykarında, 2018-jıl 28-avgust kúni Qaraqalpaq mámleketlik universiteti quramında ashıldı. Usı jılı muzey 783 eksponat penen jumıs baslaǵan bolsa, búgingi kúnde eksponatlardıń sanı 3 mıńnan artqan. Repressiya qurbanların eslew muzeyiniń ekspoziciyaları hám xronologiyasına qarap 7 bólimge bólingen. Muzey ekspoziciyaları tiykarınan Tashkent qalasındaǵı "Qataǵon qurbonlari xotirasi" mámleketlik muzeyi, Qaraqalpaqstan Respublikası kinostudiyasınan repressiya dáwirine tiyisli hújjetli filmler, Qaraqalpaqstan Respublikası rayon hám qalalarınan repressiya siyasatına baylanıslı arxivlerden foto, hújjetler, buyımlar hám basqa da eksponatlar menen tolıqtırılǵan. Muzeydiń materiallıq-texnikalıq qoymaxanası bekkemlenip, muzey ushın aldın ajıratılǵan 159 kv. m. maydan keńeytilip, ulıwma 357,1 kv. m. maydanǵa jetkerildi [2., 4-b.]. Muzey ekspoziciyasınıń úshinshi bólimi bolshevikler hákimiyatınıń ornatılıwı hám siyasiy repressiyalardıń baslanıwı dáwirine (1917-1936-jıllar) arnalǵan. Bul bólimde jańa sovet dúziminiń qáliplesiw procesi, oraylasqan basqarıwdıń engiziliwi hám repressiyalıq siyasattıń dáslepki kórinisleri tariyxıy dárekler tiykarında sáwlelendiriledi. Bul bólim fondında saqlanıp atırǵan mádeniy miyraslar arasında Ábdijálil maqsım Ismetullaevqa tiyisli derekler ayrıqsha áxmietke iye. Ábdijálil maqsım Ismetullaev 1878-jılı Shımbay uezdinin 3-awılında tuwılǵan. 1898-jılı Xiywadaǵı medreseni tamamlap kelip, óz awılında bala oqıtqan. Ismetullaev Oktyabr awdarıspaǵınan keyinde Qızıl Armiyaǵa járdem beretuǵın «CHON» ǵa aǵza bolıp, usı dáwirde xalıq xojalıǵın bekkemlewge belsene qatnasqan xızmeti menen xalıqqa tanılǵan edi. 1919-jılı avgust ayında Kommunistlik partiya qatarına aǵza bolıp kirgen. 1921-jılı mayda Á. Ismetullaev RKP(b) Shımbay uezdkomınıń aǵzasına saylanǵan. Sol jıldıń avgust ayında Á. Ismetullaev Tashkent qalasındaǵı Oraylıq sovet-partiya túrk mektebin pitkerip kelip, «Kókózek» awıllıq partiya yacheykasınıń xatkeri bolıp islegen.

Ol 1922-jılı 20-22-fevralda ótkerilgen Ámiwdárya (Qaraqalpaq) oblastlıq 2-partiya konferenciyasına delegat bolıp saylanadı 1922-jıldıń birinshi mayınan sol jıldıń 16-iyul ayı aralıǵında Á. Ismetullaev RKP(b) Shımbay uezdkomınıń úgit-násiyat bóliminin, 1922-1923-jılları Oblsud baslıǵı lawazımlarında isleydi. Á.Ismetullaev 1924-jıldın 20-sentyabrinde ótkerilgen Xorezm Xalıq Keńesiniń V quraltayına qatnasadı. 1924-jılı 18-noyabrde Qaraqalpaqstan obkomınıń

shólkemlestiriw byurosında Ismetullaev Shımbay okruglik shólkemlestiriw byurosınıń aǵzalıǵına, al 2-dekabrde RKP(b) Shımbay okrujkomınıń juwaplı xatkerine bekitiledi. Biraq tez arada Ismetullaev óz lawazımınan bosatıladı. Ismetullaev Sovet hákimiyatshılıǵıń basqarıw is usıllarına qarsı pikirde bolǵanı hám diniy-ulamalardı, jer iyelerin qollap-quwatlaǵanı, ata-tegin jasırıp, partiya qatarına kirgeni ushın degen jala menen ayıplanıp VKP(b) qatarınan shıǵarıladı hám quwǵınǵa ushıraydı [3.,B22].

Qaraqalpaqstandaǵı Varlamov hám Goloshekin júrgizgen siyasat, intensiv hám ekonomikalıq jaqtan rawajlanǵan diyqan hám bay xojalıqlarınıń buzılıwına, ashlıqqa alıp keldi. Bunday jaǵdayda, ulamalar hám milliy intelligenciya xalıqtı kóteriliske iytermeleydi. 1929-jıl iyulden Ábdijámil maqsım Ismetullaev, Qıdır qazı Dawletnazarov, Barlıqbay Nurımov, Úbbi hám Ajim Ibragimovlar, Xojaxmet Ernazarov, Asqar Orımbaevlardıń basshılıǵında kóteriliske tayarlıq baslanadı.

Ábdijámil maqsım Shımbay hám Taxtakópir awıllarınan qurallanǵan 60 adam jıynap, 26-sentyabr kúni yarım túnde Annetkól shetinde jıynalıs ótkeredi. Pátiya oqıp, kóterilisshiler shólkemlestiriwshilik máselelerge kóshedi: Ábdijámil maqsım qaraqalpaklardıń xanı etip saylanıp, kóteriliske ulıwma basshılıq etedi. Barlıqbay kóterilistiń áskerbasısı boladı, al Kerimberdi axun qazı bolıp saylanadı [4,B.156-160]

Bul kóterilis tariyxqa «Taxtakópir waqıyası» degen at penen kiredi. Jáliy maqsım Ismetullaev 1930-jılı 10-oktyabrde RSFSR Jınayat Kodeksiniń 58-statyası 2-bólimi menen ayıplanıp, Qazaqstan ASSR OGPUı janındaǵı «úshlik» qararı menen eń awır jaza - atıwǵa húkim etiledi. Húkim 1931-jılı 31-martta orınlanǵan. 1992-jılı 31-yanvarda aqlanǵan [5, B.328]

Jáliy maqsım Xiywadaǵı medresede toǵız jıl oqıp, 1898-jılı medreseni tamamlap kelip, axun dárejesin alǵan. Xiywadaǵı medreseni pitkerip kelip, óz awılında bala oqıtqan. Qaraqalpaqstan Respublikası Shımbay rayonı 3-awılında Ábdijálil maqsımnıń meshiti bolǵan. Ol bul jerde bala oqıtqan, meshit tek ǵana ibadat ornı emes, al bilimlendiriw orayı sıpatında da xızmet etken. Onıń bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetleri Qaraqalpaqstan, atap aytqanda Shımbay rayonı hám onıń átirapındaǵı aymaqlarda diniy hám aǵartıwshılıq turmıstıń rawajlanıwına úlken tásir kórsetken. Siyasiy ayıpker sıpatında repressiyaǵa ushıraǵannan keyin meshit jabıladı. Ókinishlisi házirgi waqıtta meshit tolıq saqlanbaǵan, onıń orınları belgili bolıp tur.

Repressiya qurbanların eslew muzeyinde Ábdijálil maqsımnıń aqlanǵanlıǵı haqqındaǵı hújjeti, onıń jeke paydalanıwındaǵı hasa tayaǵınıń bir bólegi hám gúze saqlanǵan. Bul buyımlar Ábdijálil maqsımnıń áwladları tárepinen muzeyge tapsırılǵan. Áwladlar tárepinen saqlap kelingen bul buyımlardıń muzey fondına tapsırılıwı - milliy qádiriyatlarımızdı saqlawda jámietlik sananıń ósip atırǵanın kórsetedi. Muzey ekspoziciyasındaǵı bul eksponatlar jas áwladtı óz ata-babalarınıń mashaqatlı ómir jolın úyreniwge, milliy ǵárezsizlik hám aǵartıwshılıq ideyaların qádirlewge shaqıradı.

Xalıqtıń tariyxıy esteliklerin tiklewde mádeniy miyrastı saqlaw hám muzey ekspoziciyaları áhmiyetli orın iyeleydi. Zamanagóy muzeyler tek ǵana estelikler saqlanatuǵın orın emes, al milliy ózlikti ańlatıwshı hám xalıqtıń ruwxıy tiykarın bekkemlewshi strategiyalıq institut xızmetin atqaradı. Milliy mádeniy miyras obektlerin ilimiy tiykarda úyreniw hám olardı muzey ekspoziciyaları arqalı xalıqqa jetkeriw - keleshek áwladtı watansúyiwshilik ruwxında tárbiyalawdıń eń nátiyjeli mexanizmi bolıp tabıladı.

**Paydalınılǵan ádebiyatlar:**

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Фармони, 11.09.2023 йилдаги ПФ-158-сон, https://lex.uz/ru/docs/-6600413
2. Қудияров А.Р., Алимбетов А.К.,Утемуратова Р.М. Репрессия қурбанларын еслеў музейи.Tashkent “Metodist nashiryoti”. 2023.
3. Бабашев Ш. Қарақалпақстан республикасы тарийхындағы сиясий қурбанлар. Нөкис «Қарақалпақстан» 2003. 22-23-бет
4. Абдиев А., Реймов А. Тахтакөпир тәрийпи. Ташкент. «Turon iqbol» 2019.
5. Ш.Бабашов Ш. Жазықсыз жазаланған репрессия қурбанлары. Нөкис 2007.